

taiga	tayiga	pi gwo byòm monn lan; li lokalize nan sid toundra a ant latitud 50 degre Nò ak 60 degre Nò; sezon ivè li long ak frèt; li resevwa ant 35 santimèt ak 100 santimèt chak ane epi li gen pyebwa avèk fèy an fòm kòn ki toujou vèt, epitou li gen forè dans.
taste bud	papiy gistatif	pi enpòtan reseptè sansoryèl lang; li gen ladan selil gistatif ki voye enpilsyon nan sèvo a pou entèprete gou a.
technology	teknoloji	itilizasyon dekouvèt syantifik pou fè pratik, pou fè lavi moun vin pi fasil ak pi bon.
temperate deciduous forest	forè tanpere ki gen fèy kadik	byòm anjeneral ki gen kat (4) diferan sezon, ki resevwa ant 75 santimèt ak 150 santimèt presipitasyon chak ane, epi ki gen kominote klimasik pyebwa ki gen fèt kadik.
temperate rain forest	forè tanpere imid	byòm ki resevwa ant 200 santimèt ak 400 santimèt presipitasyon chak ane, ki gen yon tanperati mwayèn ant 9 degre Sèlsiyis ak 12 degre Sèlsiyis, ak forè kote gen plis pyebwa ki gen fèy tankou zegwi.
temperate zones	zòn tanpere	zòn klimatik ki gen tanperati modere ki lokalize ant twopik yo ak zòn polè yo.
temperature	tanperati	mezi enèji sinetik mwayen tout patikil ki nan yon objè.
tendon	tandon	gwoup tisi epè ki tache zo yo nan misk yo.
tentacles	tentakil	estrikti tankou bra ki gen seli kuizan epi ki antoure bouch pifò eknidè.
tephra	tefra	mòso wòch oswa lav solid ki

		sòti nan lè a pandan yon eripsyon eksplozif; li ranje an dimansyon ant sann vòlkanik ak bonm vòlkanik epi ak blòk yo.
terracing	terasman	metòd agrikilti ki itilize pou diminye ewozyon sou pant apik.
testis	testikil	ògàn mal ki pwodui espèmatozoyid ak testostewòn.
theory	teyori	esplikasyon bagay oswa evènman ki baze sou konesans syantifik yo jwenn nan anpil obsèvasyon ak eksperyans.
thermal energy	enèji tèmik	sòm enèji sinetik ak enèji potansyèl patikil ki nan yon objè; transfè enèji sa a fèt gras a kondiksyon, konveksyon ak radyasyon.
thermal expansion	ekspansyon tèmik	ogmantasyon nan dimansyon yon sibstans lè tanperati a ogmante.
thermodynamics	tèmodinamik	etid relasyon ant enèji tèmik, chalè ak travay.
tidal range	manaj	diferans ant nivo oseyan nan mare wo ak nivo oseyan an nan mare ba.
tide	mare	monte ak bès nan nivo lanmè a toulèjou; se entè-aksyon pezanntè a nan sistèm Latè-Lalin nan ki pi akòz sa.
till	til	melanj sediman ki gen dimansyon diferan ki tonbe depi baz yon glasye ki an retrè epi ki ka kouvri gwo espas tè.
tissue	tisi	gwoup selil sanblab k ap travay ansanm pou fè yon sèl djòb.
titration	titraj	pwosesis kote yon solisyon konsantrasyon koni itilize pou detèmine konsantrasyon yon lòt solisyon.
topographic map	kat topografik	kat ki montre chanjman nan altitud sifas latè epi ki

		endike karakteristik sa yo sou fòm wout ak vil.
tornado	tònad	tanpèt van vyolan k ap fè toubiyon pou travèse tè nan yon chemen etwat epi ki ka fèt akòz sizayman van ki nan zye yon siklòn.
total internal reflection	refleksyon total entèn	pwodui lè limyè klere yon limit ant de (2) sibstans epi limyè a reflete okonplè.
toxin	toksin	sibstans pwazon kèk patojèn pwodui.
tracer	trasè	izotòp radyo-aktif, tankou yòd 131, ki ka detekte gras a radyasyon li meèt apre yon òganis vivan fin absòbe li.
trachea	trache	tib konduit lè ki konekte larenks lan avèk bwonch yo; li double avèk manbràn mike yo ak sil yo, epi li gen landan ano tracheyal yo.
transceiver	emetè-reseptè	aparèy ki transmèt yon siyal radyo epi ki resevwa yon lòt siyal radyo anmenmtan, sa ki pèmèt itilizatè yon telefòn san fil pale ak tandè anmenmtan.
transformer	transfòmateur	aparèy ki itilize endiksyon elektwomayetik pou ogmante oswa diminye vòltaj yon kouran altènatif.
transition elements	eleman tranzisyon	eleman an Gwoup 3 jiska 12 yon tablo klasifikasyon peryodik eleman; sa pwodui an nati kòm eleman ki pa konbine epi li gen ladan triyad fè ak metal monè.
translucent	translucid	sibstans ki transmèt kèk limyè men pa ase limyè pou wè objè yo aklè atravè li.
transmutation	transfòmasyon	pwosesis chanjman yon eleman an yon lòt atravè dezentegrasyon radyo-aktif.
transparent	transparan	sibstans ki transmèt prèske

		tout limyè li resevwa pou objè yo ka vizib aklè atravè li.
transverse wave	onn transvèval	onn kote sibstans ki omilye a deplase nan toulède sans nan direksyon pèpandikilè onn lan ap vwayaje; li gen krèt ak kre.
trench	tranche	depresyon nan fon lanmè ki long, etwat ki gen kote rèd epi ki fòme lè yon plak kwout antre anba yon lòt.
trilobite	trilobit	òganis ki gen yon egzoskèlèt a twa (3) lòb epi ki te an gwo kantite nan oseyan paleyozoyik yo; yo konsidere li kòm yon fosil endis.
tropical rain forest	forè twopikal imid	byòm ki pi divès nan domèn byoloji; li gen yon tanperati mwayen 25°C (25 degre Sèlsiyis) epi li resevwa ant 200 santimèt ak 600 santimèt presipitasyon chak ane.
tropics	twopik	zòn klimatik ki resevwa pifò radyasyon solèy la; li lokalize ant latitid 23°N (23 degre Nò) ak 23° S (23 degre Sid), epi li toujou cho, sof nan wot altitid yo.
tropism	twopis	reyaksyon pozitif oswa negatif plant nan yon estimilis estèn tankou kontak fizik, limyè oswa pezantè.
troposphere	twoposfè	kouch atmosfè latè ki pi pre tè a; li gen ladan 99 pousan vapè dlo ak 75 pousan gaz atmosferik, epi li lokalize kote nyaj ak tan fòme.
trough	kre	pi ba pwen yon onn.
tsunami	sounami	vag seyismik lanmè ki kòmanse sou sant yon tranblemanntè epi ki trè

		destriktif lè li rive sou kòt la.
tube feet	podya	tib idwolik kre ki gen pawamens; pwent li fòme an vèsiksyon epi li pèmèt ekinodèm yo deplase.
tundra	toundra	byòm frèt, sèk epi san pyebwa ki resevwa mwens pase 25 santimèt presipitasyon chak ane, yon peryòd kwasans kout, yon pèmafwòs ak sezon livè ki ka dire ant sis (6) ak nèf (9) mwa. Toundra separe an de (2) kalite: toundra aktik ak toundra alpen.
turbine	tibin	gwo wou k ap woule lè vapè, van oswa dlo pouse li; li pwodui enèji mekanik pou yon jeneratè.
Tyndall effect	efè Tendal	epapiyman reyon limyè lè limyè a ap pase nan yon koloyid.